



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE JOUNEN LAPÈCH LIB SAMDI 26 SEPTANM

Moun New York peche san yon lisans nan Jounen Nasyonal Lachas ak Lapèch la

Yo estime lapèch nan dlo dous nan New York jenere 2.14 milya dola nan aktivite ekonomik chak ane, li sipòte prèske 11,000 anplwa nan tout Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke rezidan New York yo ka peche gratis nan jounen samdi 26 septanm nan ki se Jounen Nasyonal Lachas ak Lapèch, ki selebre chak ane pou fè pwomosyon aktivite anplennè tankou lachas, lapèch ak tiraj sib.

"Se pa yon sekre ke kòmansman sezon otòn ofri kèk nan pi bon opòtinite pou peche nan kalandriye a, e New York chaje ak kèk nan pi bon lak, letan, rivyè ak flèv nan Nòdès la ki jis ap tann pou eksplòre," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lapèch se yon tradisyon nan fanmi mwen ak nan fanmi atravè Eta New York, e mwen ankouraje tout moun, soti nan pechè ki eksperimante rive nan sila yo ki pa janm peche anvan pou patisipe nan Jounen Lapèch Gratis la epi pase ti tan ansanm anplennè."

"Jounen lapèch gratis la bay tout Moun New York yon chans pou pran plezi nan lapèch ak aktivite anplennè yo," **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pandan n ap kontinye konfwonte ak defi akòz pandemi COVID-19 la, sa ap bay moun ak fanmi yo yon opòtinite pou pwofite de tout sa Eta New York genyen pou ofri. Nou angaje pou fè pwomosyon tout bon bagay pou fè aktivite anplennè nan New York pandan sezon ete ak otòn nan epi pou ankouraje kalite lavi pou Moun New York nan kominote atravè eta a."

Sitwèb [Plas pou Peche](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la se yon sous fyab pou sila yo ki prè pou planifye pwochen ekskasyon lapèch yo. Pou pechè debitan ki enterese kòmanse yo, [Gid pou Debitan pou peche nan dlo dous, I FISH NY](#) la bay enfòmasyon sou tout bagay soti nan fason pou manevre yon kàn pèch rive nan idantifikasyon priz ou an ak konpreyansyon règleman lapèch yo.

Komisè DEC an, Basil Seggos, te di, "Jounen lapèch gratis la pèmèt pechè ekspè ak novis yo pwofite de anpil opòtinite lapèch nan Eta New York. Pandan nou tout ap eseye rete vijilan pandan pandemi COVID-19 la, plis Moun New York ap dirije deyò nan rechèk aktivite amizman ki toupre lakay yo. Yon jounen sou dlo amizan pou tout fanmi an epi sa ap fè plis moun rejwenn kominote lachas ak lapèch eta nou an".

Avèk Moun New York k ap chèche plis fason pou amize anviwònman yo pandan pandemi COVID-19 la, DEC ap eksperimente [rekò vant nan lisans lachas ak pyèj](#). Vant pou lisans pou lachas ak pyèj pou gwo jibye ak Pèmi Jesyon Sèf (Deer Management Permits, DMP) te apeprè triple vant ane anvan yo nan jounen ouvèti a, plis pase doub nan dezyèm jou vant yo, epi apeprè double de premye semèn yo. Lisans pou lapèch yo ap ogmante, epi tou, yo ogmante a 15 pousan depi sezon prentan an. Lapèch, lachas ak pyèj se aktivite anplennè ki ka pratike san danje pandan pandemi COVID-19 paske yo souvan adapte pafètman pou distans sosyal.

Nan jounen lapèch yo rezidan New York ak moun ki pa rezidan yo ka peche libe e libè san yo pa gen lisans pou lapèch. Y ap raple moun k ap patisipe nan Jounen Lapèch Lib yo ke, byenke moun pa bezwen lisans pou yo peche pwason pandan jounen lapèch lib yo, tout lòt [règleman lapèch](#) yo rete an vigè. Jounen lapèch final pou 2020 an ap fèt nan Jounen Ansyen Militè a, 11 novanm. Lè li p ap patisipe nan Jounen Lapèch Lib yo, yon moun ki gen omwen 16 an dwe gen yon lisans lapèch Eta ajou pou li peche pwason nan New York. Kounye a, lisans lapèch yo valab pou 365 jou apati dat yo te achte yo a. W ap jwenn plis enfòmasyon sou acha yon [lisans lapèch](#) sou sitwèb DEC a.

Lachas ak lapèch nan New York devlope yon sans responsablite pou resous ak abita pwason ak bèt sovaj yo, yo ofri yon chans pou chasè ak pechè ki gen eksperyans yo pataje konesans yo ak lòt moun, epi ankouraje patisipasyon lòt moun nan lachas, lapèch, ak tire sou sib kòm lwazi pase pa ansèyman jèn chasè ak pechè yo. Yo estime chasè ak pechè New York yo kontribye 4.9 milya dola nan depans nan ekonomi an, ki soutni plis pase 56,000 anplwa ak 623 milyon dola taks eta ak taks lokal.

Eta New York kontinye ankouraje moun pou angaje nan rekreyasyon ki responsab pandan repons kontini Eta a ak COVID-19 la. Sezon otòn sa, pechè yo ta dwe atantif pou pran prekosyon pou sispann pwopagasyon COVID-19 la pandan y ap amize ak pèch eksepsyonèl somon ak twit sou afliyan Lak Eri ak Lak Ontario, ki enkli Rivyè Niagara, pami lòt plas nan tout eta a. Nan destinasyon pèch popilè yo, espesyalman Rivyè Salmon nan Konte Oswego, dansite pèch la ka vin wo ase pou rann distans sosyal la difisil. DEC a ap mete siyalizasyon nan espas popilè yo ki raple pechè yo pou yo ENTELIJAN lè y ap peche ane sa:

- **D**istans sosyal a omwen sis pye distans;
- **M**ask - Mete youn lè ou pa ka kenbe distans sosyal la, espesyalman nan paking ak sou tout santye yo;
- **E**vite pataje ekipman lè li posib;
- **R**espekte kamarad pechè parèy ou ak resous lè w bay espas epi pratike lapèch ak etik; epi
- **R**amase sa ou pote oswa mete fatra yo nan resipyan.

Pechè k ap peche nan yon bato ta dwe asire li laj ase pou moun ki sou li yo a omwen sis pye distans youn de lòt. Pou plis enfòmasyon sou enstriksyon ak sekirite bato, ale

sou [Sitwèb Pak Eta](#) a e pou plis enfòmasyon sou fason pou **PLAY SMART * PLAY SAFE * PLAY LOCAL**, ale sou sitwèb DEC a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)